

**URUKARATASI RUTANGIRWAKO INSIGURO
RUKWIRANYE N'ABASHIKIRWA N'ABABITWARARIKA**

**UBURENGANZIRA BWO GUKORESHA MU BURYO
BWIHUTIRWA BWO GUTABARA (EUA)
URUCANCO RWA COVID-19 RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA INDWARA YA
CORONAVIRUS 2019 (COVID-19)
KU BANTU BAFISE IMYAKA 16 KUDUGA**

Uriko uhabwa urucanco rwa COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech rukingira indwara ya Coronavirus 2019 (COVID-19) iterwa na SARS-COV-2. Urukaratasi Rutangirwako Insiguro rurimwo amakuru agufasha gutahura akaga n'akamaro vy'urucanco rwa COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech, ushobora guhabwa kubera ubu hari ikiza ca COVID-19.

Urucanco rwa COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech ni urucanco kandi rushobora kugukingira kugira ntufatwe na COVID-19. Nta rucanco Urwego Rujewe Gutohoza Ibifungurwa n'Imiti rwa Reta Zunze Ubumwe za Amerika (FDA) rwemeje ko rukingira COVID-19.

Soma neza Urukaratasi Rutangirwako Insiguro kugira uronke amakuru ku rucanco rwa COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech. Vugana nuwukuronsa urucanco niwaba ufise ibibazo. Niwewe uhitamwo kuronsa urucanco kuri COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech.

Urucanco kuri COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech rutangwa mu ma doze 2 atandukanye, haheze indwi 3, mu musoso.

Urucanco kuri COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech rushobora kudakingira abantu bose.

Uru rukaratasi rutangirwako insiguro rushobora kuba rwarahujwe n'igihe. Urondera urukaratasi rutangirwako insiguro rwa vuba, nkundira wugurure www.cvdvaccine.com.

IVYO UKENEYE KUMENYA IMBERE YO GUCANDAGWA URU RUCANCO

COVID-19 NI IKI?

Indwara ya COVID-19 iterwa na coronavirus yitwa SARS-COV-2. Ubu bwoko bwa coronavirus ntibwari bwabonwe narimwe. Urashobora kwandukizwa COVID-19 biciye ku kwegerana n'uwundi muntu ufise uwo mugera. Ahanini ni indwara ifatira mu bihimba bifasha guhema ishobora no gufatira ibindi bihimba. Abantu bafise COVID-19 bafise ibimenyetso vyinshi bidasa bimaze kumenywa, bihera kubimenyesto bibayabaye gushika kubimenyetso bikaze. Ibimenyetso bishobora kwibonekeza kumusi wa 2 gushika kuwa 14 kuva aho wakoranyeko n'umugera. Mubimenyetso hashobora kuba harimwo: umucanwa canke kujugumira; inkorora; guhema udashikana; uburuhe; kubabara mu mumitsi canke mumubiri; kumeneka umutwe; kudasoserwa canke kutamoterwa; kubabara mu muhogo; amazuru afunze canke ufise ibicurane; iseseme canke kudahwa; gucibwamwo.

Urucanco kuri COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech NI IKI?

Urucanco rwa COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech ni urucanco rutaremerwa rushobora gukingira COVID-19. Nta rucanco ruremerwa na FDA rukingira COVID-19.

FDA yatanze uburenganzira bwo gukoresha mu buryo bwihutirwa bwo gutabara urucanco rwa COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech rwo gukingira indwara ya COVID-19 mu bantu bafise imyaka 16 y'amavuka kuduga hakurikijwe Uburenganzira bwo Gukoresha Umuti mu buryo Bwihutirwa bwo Gutabara (EUA).

Urondera amakuru atomoye araba EUA, soma **“Uburenganzira bwo Gukoresha Umuti mu buryo Bwihutirwa bwo Gutabara (EUA) ni iki?”** igihimba kiri ku mpera y'uru rukaratasi rutangirwako insiguro.

NI IKI UTEGEREZWA KUBARIRA UMUTANGABUFASHA MUVY'UBUVUZI UJEJWE GUCANDAGA IMBERE YO GUCANDAGWA URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19?

Barira umutangabufasha muvya'ubuvuzi ujejwe gucandaga ibiraba indwara zose ufise, harimwo nimba:

- hari icyo cose uziranizwa
- ufise umucanwa
- Woba ufise indwara yo kuva amaraso canke uriko urafata imiti ituma amaraso adafatana
- abasoda b'umubiri wawe baradohotse canke hari umuti ufata ugira inkurikizi ku basoda b'umubiri wawe
- urafise imbanyi canke uriko urategekanya kwibungenza
- uronsa
- wacandazwe urundi rucanco rwa COVID-19

NI NDE UTEGEREZWA GUCANDAGWA URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19?

FDA yatanze uburenganzira bwo gukoresha mu buryo bwihutirwa bwo gutabara urucanco rwa COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech rwo gukingira indwara abantu bafise imyaka 16 y'amavuka kuduga.

NI NDE ATAGOMBA GUCANDAGWA URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19?

Ntutegerezwa gucandagwa urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19:

- niwaba waraziraniwe bikaze uhejeje guterwa doze ya mbere y'uru rucanco
- niwaba waraziraniwe bikaze ku bintu bikoze uru rucanco.

NI IBIKI BIKOZE URUCANCO RWA MODERNA RUKINGIRA COVID-19?

Ibintu biri muri urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 ni ibikurikira: mRNA, lipids ((4-hydroxybutyl)azanediyl)bis(hexane-6,1-diyl)bis(2-hexyldecanoate), 2 [(polyethylene glycol)-2000]-N,N-ditetradecylacetamide, 1,2-Distearoyl-sn-glycero-3- phosphocholine, na cholesterol), potassium chloride, monobasic potassium phosphate, sodium chloride, dibasic sodium phosphate dihydrate, na sucrose.

URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19 RURONSWA GUTE?

Urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 ruzokuronswa biciye mu rushinge ruterwa mu musoso.

Urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 ni urucanco rutangwa muri doze 2 zitandukanye, iya kabiri igaterwa haheze indwi 3.

Uronkejwe doze imwe y'urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19, ukwiye guca uronswa doze ya kabiri y'uru rucanco nyene inyuma y'indwi 3 kugira uheze icandarwa.

URUCANCO KURI COVID-19 RWA PFIZER-BIONTECH RWARI RUMAZE GUKORESHWA?

Urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 ni urucanco rutaremerwa. Muvyageragejwe vyakorewe kwa muganga, ugereranije abantu 20,000 bafise imyaka 16 kuduga bararonkejwe nimiburiburi doze 1 y'urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19.

NI AKAHE KAMARO K'URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19?

Muho bariko baragerageza bikorerwa kwa muganga, urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 vyerekanye yuko urucanco rukingira COVID-19 inyuma ya doze 2 aciyemwo indwi 3. Ikiringo urucanco rumara rukingiye umubiri COVID-19 gushika ubu ntikizwi.

NI AKAHE KAGA GASHOBORA GUTERWA N'URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19?

Hariho ingaruka z'imiti zimaze kumenyeshwa z'urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 zikaba ari:

- ububabare aho wawe urushinge
- ukuruha
- kumeneka umutwe
- kubabara mu mitsi
- kujugumira
- kubabara mumyanya y'imitsi
- umucanwa
- kuvyimba aho wawe urushinge
- gutukura aho wawe urushinge
- iseseme
- kwunva utamerewe neza
- kuvyimba kumpande yizosi (lymphadenopathy)

Hariho amahirwe make yuko urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 rushobora gutuma kuziranirwa bikaze. Kuziranirwa bikaze mubisanzwe bishika inyuma y'iminota mike gushika kw'isaha inyuma yo kuronswa doze y' urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19. Kubera iyi mpanvu, uwukurona urucanco ashobora kugusaba ugume mu kibanza aho waronkejwe urucanco kugira agucungere inyuma y'urucanco. Ibimenyetso vyo kuziranirwa bikaze bishobora kuba ari:

- Guhema bigoranye
- Kuvyimba mu maso canke mu muhogo
- Umutima uriko urakubita ningoga
- Amahere ku mubiri wose
- Kuzungurirwa no kwunva ata ntenge ufise

Izi zirashobora kuba atari zo nkurikizi zonyene z'urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19. Ingaruka zikaze kandi zititezwe zishobora gushika. Urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 ruracariko rurigwa mu bigeragezwa bikorerwa kwa muganga.

NOKORA IKI KU NKURIKIZI Z'IMITI?

Mugihe wunvise uziranijwe bikaze, hamagara 9-1-1, canke wishikire ku bitaro biri hafi yawe.

Hamagara uwakuronkeje urucanco canke umutangabufasha wawe muvy'ubuzi nyimba ufise inkurikizi z'imiti zikugoye canke zitariko zirahera.

Menyesha inkurikizi z'imiti zivuye ku rucanco muri **sisitemu ya raporo ya FDA/CDC iraba inkurikizi mbi z'urucanco (VAERS)**. Hamagara kwa gusa kuri nimero ya VAERS 1-800-822-7967 canke witure kumuhora ngurukana bumenyi <https://vaers.hhs.gov/reportevent.html>. Nkundira ushire "EUA bw' Urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19" mu murongo wambere mu gasandungu #18 mu rupapuro rwa raporo.

Vyongeye, urashobora kwitura inkurikizi z'imiti kuri Pfizer.inc. ukirijije aho ushobora kubaronkera vyanditse aha musu.

Urubuga	Nimero ya Fax	Nimero ya terefone
www.pfizersafetyreporting.com	1-866-635-8337	1-800-438-1985

Ushobora guhabwa guhitamwo kwiyandikisha muri **v-safe. V-safe** ni agaporogarama kuwushaka ko kw'iterefone y'ubuhinga bwa none gakoresha ubutumwa bugufi n'igendereza ryo ku ngurukanabumenyi mu gusuzuma abantu bamaze kuronswa urucanco kugira umenye inkurikizi z'imiti umuntu ashobora kugira inyuma yokuronswa urucanco rwa COVID-19. **V-safe** ibaza ibibazo bifasha CDC gucungera umutekano y'urucanco kuri COVID-19. **V-safe** yongera ikibutsa abakwiye kuronka doze ya kabiri mu gihe babikeneye kandi CDC ikanabahamagara kuri terefone mu gihe abafise porogama bavuze ko baronse inkurikizi ziboneka ku magara yabo inyuma yo kuronswa urucanco rwa COVID-19. Kugira uronke ayandi makuru yo ku ngene wiyandikisha, raba: www.cdc.gov/vsafe.

BIGENDA GUTE NONE MU GIHE NTOYE KUTARONSWA URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19 ?

Ni wewe uhitamwo kuronswa canke kutaronswa urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19. Mu gihe ufashe kutaronswa urucanco, ntaco bizohindura ku buryo warusanzwe uronka ubuvuzi.

HABA HARIHO AYANDI MAHITAMWO MU KWINGIRA COVID-19 UKUYEMWO URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19?

Ubu, ntarundi rucanco rwemewe ruhari mu gukingira COVID-19. Izindi canco zikingira COVID-19 zishobora kuba zihari zifatiye ku Burenganzira bwo Gukoreshwa mu buryo Bwihutirwa bwo Gutabara.

NDASHOBORA KURONSWA URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19 HAMWE N'IZINDI NCANCO?

Ntamakuru ahari kuvyerekeye ikoreshwa ry'urucanco rwa Pfizer-BioNTech rikingira COVID-19 hamwe n'izindi ncanco.

MU GIHE NAHO NOBA NIBUGENZE CANKE NONSA?

Nyimba wibugenze canke uriko uronsa, yaga amahitamwo ufise n'umutangabufasha wawe muvy'ubuzima.

URUCANCO RWA PFIZER-BIONTECH RUKINGIRA COVID-19 RUZONTERA COVID-19?

Oya. Urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 ntirurimwo SARS-CoV-2 kandi ntirushobora kugutera COVID-19.

GUMANA IKARATA YAWE Y'URUCANCO


Uhejeje kuronka doze ya mbere, uzohabwa ikarata y'urucanco yerekana ryari ukwiye kugaruka kuronswa doze ya kabiri y'urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19. Uzokwibuke kuza ufise ikarata yawe ugarutse.

AYANDI MAKURU

Niwaba ufise ibibazo, raba urubuga ngurukana bumenyi canke uhamagare kuri nimeru ya

terefone yanditse aha musu. Mu gushikira Urukaratasi Rutangirwako Insiguro ruheruka gusohoka,

nkundira usikane QR code iri aha musu.

Urubuga ngurukana bumenyi rusangi	Nimeru ya terefone
<p>www.cvdvaccine.com</p> 	<p>1-877-829-2619 (1-877-VAX-CO19)</p>

NOMENYA AYANDI MAKURU GUTE?

- Baza uwukuronsa urucanco.
- Raba ku rubuga rwa CDC kuri <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>.
- Raba ku rubuga rwa FDA kuri <https://www.fda.gov/emergency-preparedness-and-response/mcm-legal-regulatory-and-policy-framework/emergency-use-authorization>.
- Akura mu gisata kijejwe amagara y'abanyagihugu ku rwego rwa Leta canke hafi yawe.

AMAKURU YO GUCANDARWA YANJE AZOKWANDIKWA HE?

Uwakuronkejwe urucancwo ashobora gushira amakuru yawe mu ntara/aho uteye muri sisitemu y'amakuru yo gukingirwa (IIS) canke mu zindi sisitemu zibigenewe. Ibi bizotuma uronswa urucanco rukugenewe mu gihe ugarutse kuronswa doze ya kabiri. Ku yandi makuru kuri IISs raba ku rubuga rwa: <https://www.cdc.gov/vaccines/programs/iis/about.html>.

NI IKI POROGARAMA IRABA ISHUMBUSHO RY'ABABABAJWE?

Porogarama Iraba Ishumbusho ry'Ababajwe (CICP) ni porogarama ya federasiyo ishobora gufasha kuriha kuvuzwa canke ibindi bijanye no kuvuzwa ku bantu bamwebamwe bashobora kuba barababajwe bikaze n'imiti imwimwe canke urucanco, n'uru rucanco rurimwo. Muri rusange, ikirego gitegerezwa gushikira CICP mu kiringo c'umwaka umwe (1) kuva ku musu waronkejwe urucanco. Kugira uronke ayandi makuru kuri iyi porogarama, raba www.hrsa.gov/cicp/ canke hamagara 1-855-266-2427.

UBURENGANZIRA BWO GUKORESHWA MU BURYO BWHUTIRWA BWO GUTABARA (EUA) NI IKI?

FDA yo muri Reta Zunze Ubumwe yarekuriye urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 bifatiwe ku burenganzira bwihuta bwitwa EUA. EUA ishigikiwe n'Umushikiranganji Ujejwe Amagara y'Abanyagihugu na Seruvise Zironswa Abantu (HHS) mu kivugo gisobonura yuko ibihe turimwo bishigikira kurekura uburenganzira bwo rwo gukoreshwa vyihutirwa imiti n'ibindi muri iki kiza ca COVID-19.

Urucanco rwa Pfizer-BioNTech rukingira COVID-19 ntirurasuzumwa co kimwe nk'ibindi birekuriwe na FDA canke vyemejwe nayo. FDA ishobora gusohora EUA iyo ibintu bimwebimwe vyatunganijwe, ivyo navyo bikaba bisigura yuko ata kintu co, cemewe, canke kindi gihari. Vyongeye, ingingo FDA ifata ihagaze ku bintu vyose vya siyansi bimaze kuboneka vyerekana yuko icasohotse gishobora kuba gikora mu gukingira COVID-19 muri iki kiza ca COVID-19 kandi inyugu zizwi n'inyungu zindi zishobora kuhabonekera ziruta ivyago bizwi n'ibishobora kuhabonekera. Ibi vyose bitegerezwa gusuzumwa kugira vyemerwe yuko rukoresha mukuvura abarwayi muriki kiza ca COVID-19.

EUA irekurira urucanco kuri COVID-19 rwa Pfizer-BioNTech rushizwe mungiro muriki kiringo ca EAU ca COVID-19 nukuvuga gushigikira ugukoresha vyihuta vyayo, kiretse bihagaritswe canke bifuswe (nyuma yaho ntiruzosubira gukoreshwa).



Yakozwe na
Pfizer Inc., New York, NY 10017

BIONTECH

Yakozwe na
BioNTech Manufacturing GmbH An der
Goldgrube 12
55131 Mainz, Germany

LAB-1451-2.0

Yasubiwemwo: Kigarama 2020

Sikana kugira ufate yuko uru rukaratasi rutangirwako insiguro rwahawe abaronswa urucanco kugira baronke amakuru ngurukanabumenyi/canke sisitemu iraba gucandagwa.

Itariki yo mu turongo twa kode: 12/2020

